

5 oktòb 2020

Chè fanmi,

Mwen espere oumenm ak fanmi ou ansante ak ansekirite.

Oumenm ak tout Nouyòkè parèy ou ap fè yon travay enkwayab pou konbat COVID-19 depi mwa mas. Sepandan, jan ou ka deja konnen l, gen kèk zòn nan vil la kote pousantaj transmisyon COVID-19 monte. Zòn sa yo kouvri nèf kòd postal nan Brooklyn ak Queens, ki gen ladan kòd postal kote lekòl pitit ou a ye a.

Nan mezi anpil prekosyon, ak pou kenbe oumenm ak fanmi ou ansekirite, yè Majistra de Blasio anonse yon plan pou ede sispann COVID-19 pwopaje nan zòn sa yo. Plan sa a gen ladan fèmen tout bilding lekòl nan kòd postal sa yo **kòmanse Madi 6 oktòb pou omwen yon peryòd de semèn**. Sa ta vle di lekòl pitit ou a ap planifye pou tranzisyon nan ansèyman ak aprantisaj totalman adistans kòmanse Madi sa a, 6 oktòb pou yon peryòd de semèn. Direktè lekòl ou a gen pou fè w konnen pwochen etap enpòtan yo jodi a. Vil la ap pran etap sa yo pou asire ke nou ka kontwole pwopagasyon koronavirus la nan kominote nou yo. Lè pousantaj transmisyon viris la diminye pou vin mwens pase 3%, lè sa a lekòl pitit ou a ka reouvri — byen vit tankou Mèkredi 21 oktòb. Si pousantaj transmisyon yo pèsiste pi wo pase 3% nan kòd postal sa yo, Majistra a pwopoze pou kenbe bilding lekòl yo fèmen ak lòt prekosyon an plas pou yon dire pi long. N ap kenbe w enfòm sou dènye nouvèl konsènan reouvèti bilding lan alavans.

Li enpòtan pou konnen pa gen okenn prèv ki montre lekòl nan kòd postal sa yo te gen yon ogmantasyon nan ka pozitif, ni pa gen okenn bagay ki montre pousantaj ka kowonaviris ogmante nan katye sa yo akòz bilding lekòl yo ki ouvri Etap pou fèmen bilding lekòl yo se youn nan anpil etap n ap pran pou ede diminye transmisyon viris la nan kòd postal espesifik sa yo.

Nèf kòd postal yo, ansanm ki gen apeprè 100 bilding lekòl DOE, se:

Katye	Kòd postal
Edgemere/Far Rockaway	11691
Borough Park	11219
Gravesend/Homecrest	11223
Midwood	11230
Bensonhurst/Mapleton	11204
Flatlands/Midwood	11210
Gerritsen Beach/Homecrest/ Sheepshead Bay	11229
Kew Gardens	11415
Kew Gardens Hills/Pomonok	11367

Mwen konnen pou anpil nan nou, desizyon sa a pou fèmen bilding lekòl tanporèman pandan nou fenk ouvri yo se yon desepsyon, epi mwen konprann. Mwen wè kijan elèv ak edikatè kontan lè yo reyini an pèsòn pandan de dènye semèn yo. Men, tanpri konnen ke nou la pou sipòte elèv ak lekòl ou a nan tranzisyon sa a. Nou pral pran tout etap ki nesèsè yo pou asire pwofesè ka anseye yon fason dinamik ak efektif pandan y ap adistans lan. Nou pran angajman pou ekselans akademik pou pitit ou—kèlkeswa kote y ap aprann lan.

Majistra a ak mwenmenm konsidere sante ak sekirite fanmi ou, ak sante ak sekirite tout moun nan kominote lekòl ou a, kòm pi gwo priyorite nou, epi nou pran angajman pou nou kenbe sa kòm premye bagay nan tout sa n ap fè. Mwen konnen lè nou travay ansanm, nou ka kontinye konbat COVID-19.

Sa depann sou nou tout, kèlkeswa kote nou ye a, pou nou kontinye fè etap nou konnen ki enpòtan anpil pou anpeche pwopaje viris sa a. Sonje "Kat bagay debaz" yo: lave men ou, mete yon bagay pou kouvri figi w, kenbe sis pye distans avèk lòt moun, epi rete lakay ou si w santi w malad. Sa yo se etap enpòtan noutout kapab pran chak jou.

Nou pral kontinye kominike enfòmasyon anplis ak ak detay enpòtan sou tranzisyon ansèyman adistans sa a nan jou kap vini yo. Kèlkeswa sa l ye a, n ap kontinye sipòte oumenm ak tout moun nan fanmi DOE a san mank, pandan kriz sante piblik sa a ap kontinye evolye. Tanpri pa ezite kontakte lekòl pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza  
Chanselye  
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk